

SS.7.C.2.13 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Etidyan yo ap examinen kouman plisyè pèspektiv fòme patisipasyon nan pwosès politik la.

Patisipasyon **sitwayen** nan pwosesis politik la gen plizyè fòm pèspektiv. Sitwayen yo travay poukont yo, antre jwenn **gwoup enterè yo**, oswa antre jwenn **pati politik yo** pou pataje panse yo sou direksyon ke gouvènman an ta dwe pran.

Moun yo montre plizyè pèspektiv yo nan pwosesis politik la lè yo itilize dwa **Premye Amandman** yo ak lè yo vote. dwa Premye Amandman yo bay moun yo dwa pou eksprime opinyon politik yo atravè lapawòl, laprès, asanble san krise brize, ak petisyon gouvènman an. Dwa pou vote bay moun yo chans pou eksprime sa yo panse lè yo chwazi yon kandida oswa yon **règleman piblik** sou yon lòt.

Gwoup enterè yo montre tou plizyè pèspektiv nan pwosesis politik la lè yo sèvi ak dwa Premye Amandman yo nan reyinyon san krise brize, libète lapawòl, ak petisyon gouvènman an. Gwoup enterè yo fòme paske yo gen yon objektif komen, epi yo eseye enfliyanse moun yo pou travay ansanm pou sipò objektif sa a. Gwoup enterè yo ka travay avèk manm nan Kongrè yo oswa avèk lòt lejislatè eli yo pou ka fè lwa pase. Anjeral sa a refere kòm lobiyis. Yo ka edike manm gwoup enterè yo sou pwoblèm enpòtan ke yo vle manm yo sipòte. Atravè espresyon, fè kontribisyon nan kanpay, ak fè mesaj yo soti pou enfliyanse **opinyon piblik** la, gwoup enterè yo reflekte plizyè pèspektiv atravè patisipasyon yo nan pwosesis politik la.

Pati politik yo tou reflekte plizyè pèspektiv nan pwosesis politik la. Yon pati politik se yon gwoup sitwayen ki gen opinyon ki sanble sou pwoblèm piblik yo, kap travay ansanm pou eli kandida yo ki reprezante opinyon yo. Konpetisyon nan pati politik yo bay votè yo yon chwa pami kandida yo ak lide yo.

endividyèl – yon moun

gwoup enterè - yon gwoup moun ki gen enkyetid ak yon pwoblèm patikilye epi ki eseye enfliyanse lejislatè yo pou aji an favè yo; yo konnen yo tou kòm yon gwoup enterè espesyal

lobbying - participating in activities in order to influence government officials

opinyon piblik - opinyon piblik jeneral la

pati politik - yon òganizasyon ki ap eseye jwenn pouvwa politik, yo eli manm nan pòs piblik pou ke lide politik yo ka vin lwa oswa règleman

Premye Amandman - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki entèdi Kongrè a pou l pa etabli yon relijyon, ak pou l pa entèfere ak libète egzèsis relijye, laprès, lapawòl, asanble, oswa petisyon

Règleman piblik - aksyon gouvènman an sou fòm lalwa, règ, oswa règleman

sitwayen - yon manm legal nan yon eta ak/oswa nan yon peyi